दिन–शुक्र दिनांक–28.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मेडिकल स्नातक प्रवेश परीक्षा–नीट मुद्दा पर चर्चा के लऽकऽ विपक्षी दलक मांगक मध्य लोकसभाक कार्यवाही दिनभरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। पहिल स्थगनक बाद दूपहर बारह बजे जखन सदनक बैसक आरम्भ भेल तऽ कांग्रेस सदस्य सभ एहि मुद्दा पर शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान के इस्तीफाक मांग करैत नारेबाजी शुरू कऽ देलनि। कांग्रेस, डीएमके, टीएमसी, समाजवादी पार्टी आ आन सदस्य आसनक समीप आबि गेलाह। अध्यक्ष ओम बिरला कहलनि जे एहि विषय पर विचारक लेल एक समितिक गठन कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे सदन के पूर्व नियोजित ढंग सँ नहि चलऽ देब लोकतंत्रक लेल ठीक नहि अछि। ओ कहलनि सदस्य सभ राष्ट्रपति के अभिभाषण पर, धन्यवाद प्रस्ताव पर चर्चाक दरमियान एहि मुद्दा के उठा सकैत छथि। नीट मुद्दा पर चर्चाक विपक्षक मांग के खारिज करैत संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलनि जे राष्ट्रपति के अभिभाषण पर चर्चा निर्धारित होयबाक अवधिक दरमियान कोनो चर्चाक अनुमति देबाक परम्परा नहि रहल अछि। श्री रिजिजू कहलनि जे सरकार राष्ट्रपति के अभिभाषण पर चर्चा के दरमियान उठाओल जायवला कोनो विषय पर प्रतिक्रिया देबाक लेल तैयार अछि। हंगामा बढैत देखि सदनक कार्यवाही दिनभरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। नीट मुद्दा पर राज्यसभा मे सेहो हंगामा भेल। आइ भोर जखन राज्यसभाक बैसक आरम्भ भेल तऽ सभापति जगदीप धनखड़ विपक्षी सांसद सभक द्वारा देल गेल स्थगन नोटिस के ई कहैत अस्वीकार कऽ देलनि जे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू दुनू सदनक संयुक्त बैसक मे अपन सम्बोधन मे निष्पक्ष जाँच आ पेपर लीकक दोषी सभ के कड़गर सजाए देबाक बात कयने छलीह। श्री धनखड़ कहलनि जे जखन सदन राष्ट्रपति के अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्ताव पर चर्चा करत तऽ सदस्य सभ लऽग एहि विषय पर चर्चा करबाक पर्याप्त अवसर होयत।

---

केन्द्रीय शिक्षामंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आइ नीट परीक्षार्थी सभ के आश्वासन देलनि जे दोषी सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कयल जायत। संसदक बाहर पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे सरकार एहि विषय पर संवेदनशील अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी एनटीए मे सुधारक सिफारिशक लेल शिक्षा मंत्रालय दिस सँ गठित विशेषज्ञ लोकनिक उच्च स्तरीय समिति छात्र आ अभिभावक सँ सुधार आ पुनर्गठन पर सुझाव मंगलक अछि। समितिक नेतृत्व इसरोक पूर्व अध्यक्ष डॉक्टर के. राधाकृष्णन कऽ रहल छथि। समिति माई जीओवी वेबसाइटक माध्यम सँ सात जुलाई धरि सुझाव आ प्रतिक्रिया स्वीकार करत। समिति के दू मासक भीतर शिक्षा मंत्रालय के अपन रिपोर्ट सौंपबाक लेल कहल गेल अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रवि दिन पूर्वाह्न एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। एहि मासिक रेडियो कार्यक्रमक ई एक सय एगारहम कड़ी होयत। श्री मोदी के लगातार तेसर बेर प्रधानमंत्री पद सम्हारबाक बाद मन की बातक ई पहिल कार्यक्रम होयत। एहि के आकाशवाणीक सभ नेटवर्क, एआईआर आ न्यूज वेबसाइट आओर न्यूजऑन एआईआर ऐप पर प्रसारित कयल जायत। आकाशवाणी समाचार, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आओर सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो एकर लाइव स्ट्रीमिंग कयल जायत। आकाशवाणी पर हिन्दी कार्यक्रमक प्रसारणक शीघ्रहि बाद मैथिली भाषा मे आकाशवाणी दरभंगा केन्द्र सँ एकर प्रसारण होयत।

———————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग अध्यापक नियुक्तिक तेसर चरणक परीक्षाक तिथि घोषणा कऽ देलक अछि। आयोगक दिस सँ जारी सूचनाक अनुसार ई परीक्षा उन्नैस सँ बाईस जुलाई के मध्य होयत। ध्यातव्य अछि जे तेसर चरणक मार्च मास मे आयोजित परीक्षाक दरमियान पेपर लीक के कारणे परीक्षा के रद्द कऽ देल गेल छल। अभ्यर्थी आयोगक वेबसाइट पर परीक्षाक पूरा जनतब लऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक अधिकतर भाग मे वर्षाक क्रम जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–पूर्व आ दक्षिण मध्य भागक कतेको स्थान पर हल्का सँ मध्यम स्तरक वर्षा भेल। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक अधिकांश जिला मे तेज हवाक संग वर्षाक संभावना जतौलक अछि। ओतहि, तीस जून कऽ सुपौल, अररिया, किशनगंज, कटिहार, भागलपुर, पूर्वी आ पश्चिम चंपारण जिलाक किछु स्थान पर बहुत भारी वर्षाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

उत्तर आ दक्षिण बिहार के जोड़यवला राजेन्द्र सेतु पर निर्माण काजक कारणे आइ राति दस बजे सँ काल्हि भोर छओ बजे धरि सभ तरहक वाहनक परिचालन बन्द रहत।

———————————————————————————

समाप्त भेल।